ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ХЫЕЛЫ

АДЫГСКОЕ СОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№182 (21.340) ● 2008 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 17, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Депутатхэм лэжьэн щІадзэж

Республикэм исхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, экономикэм, финансхэм, узынщІэн хьумэным, егъэджэнымэм, нэгъуэщІхэмэ ятеухуауэ Іуэху 70-м ирамыгъэщІэн щыхъунщІэн республикэм законхэр къыдэзыгъэкІи орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зэІуэщІэм, Арпирыгъэкіуэкіащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс.

ЗэІуэщІэМи пэщІэдзэм Президиумым хэтхэр Парламентым и къыкІэлыкІуэ зэІуэщІэр щрагъэкІуэкІыну махуэм тепсэлъыхьащ икІи ар зэпэгъуэм и 2-м трагъуэщІ.

Экономикэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІым и къудзэ **Атэлыкъ Анатолий**кІыхилъхьэри, зэІуэщІэм щыхэплащ «КъБР-м и Балькъэр Республикэм хьэрычэт Іуэху мыинымрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ зыщегъэужьыным теухуауэ», «КъБР-м хьэрычэт Іуэху мыинымрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ зыщегъэужьыныр икІи щыдэІыгъыныр» республикэ программэ хэзэм зэхуэхьІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектыр.

Апхуэдэу Лъжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІ **Жанатаев Сэлим** кьыхилъхьэри, зэІуэщІэм щытепсэлъыхьащ «Сабий зэхьыпэІэжьхэм лэжьащІэ щыкІэу ират ахъшэр зыхуэдизымрэ сабий зыпІыж унагъуэм папщІэ льготэхэмрэ я Іуэхугъэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законым и проектым. Абы ипкъ иткІэ ищІхькІэ къыщыгъэлъэгъуа унагъуэхэм ират ахъшэм хущІагъу, апхуэдэу унагъуэхэм япІыжьыну ирата дэтхэр сабийми папщІэ компенсацэхэр ягъэув.

Парламентым и зэІуэщІэм апхуэдэу щыхэплащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЦІыхухэм псэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэр тыным трагъэкІуадэр зэрыхуапІыныжь щыкІэм и Іуэхугъэ», «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и �цІыху гуп щхьэхуэхэм къэрал социальнэ дэІепыкъуныгъэ зэрырат щІыкІэм и Іуэхугъэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законхэм я проектхэм. Мы документхэр депутатхэм хуагъэхьащ абыхэм зыхуэфащэ Іуэхугъуэхэр, дагъуэхэр ягъэхьэзырын папщІэ.

ЗаконодательствэмкІэ, къэрал хуэунэмкІэ, щІыпІэ самоуправленэм и Іуэхугъэмкі комитетым и унафэщІ **Абазэ Руслан**, абы и къуэдзэ **Гилиев Борис**, Экономикэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІ **Малкаров Тіхьир**, абы и къуэдзэхэр **Сэхъу Владимир, Атэлыкъ Анатолий** , **Гончаренко Михаил** , ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, узынщІагъэ зыщІэныгъэмкІэ комитетым и унафэщІ **Иванов Игорь**, абы и къуэдзэ **Дадэ Суфэдин**. Аграрнэ политикэмрэ щІыпІэсыр къэзэкъэбэныкъэмкІэ комитетым и унафэщІ **Несутулов Виктор**, абы и къуэдзэ **Мэремыкъуэ Сэфарбий**, Лжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэхэу **Дзэш ФатІимэрэ Гуляев Валентинэрэ** кьыхалъхьэри, зэІуэщІэм щыхэплащ закон эр къыдэгъэкІыныжкІэ жэрдэмэу Урысей Федерацэм и субъект зэмылІуэжьыгъуэхэм я парламентархэм кьагъэхьахэм икІи абыхэм ятеухуауэ зыхуэфащэ унафэхэр кьащтащ.

Парламентым и лжьыгъэр кьызэгъэпэщыныкІэ, регламентыкІэ, депутат щэнхабзэмкІэ комитетым и унафэщІ **Махуэ Владимир** кьыпсэлъам едаІуэри, Президиумым хэтхэм унафэ ящІащ КъБР-м промышленнэ комплексымкІэ, гъэсныгъэ-энергетикэ комплексымкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ Бэлагаты Борис Башир и шъуэ, «Машинэ зыщІ Налщык завод» ОАО-м и генеральнэ директор Соблыр Руслан КІэтІутІ и къуэм, Шърэдж муниципальнэ районым и Аушыджэр къуажэ жылагъуэм и «Участкэ сымаджэщ» уэзыншагъэр хьуэмэным елэжь муниципальнэ ІуэхущапІэм и участкэ дохутыр-терапевт Дзэмыхь Лерэ Хьэсэнбий и пхъум, Тэрч муниципальнэ районым и Акъбащ Ипщэ къуажэ жылагъуэм сабийхэм щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэІуэт и «Сабий-ныбжьыщІэ спорт школ» муниципальнэ ІуэхущапІэм и унафэщІ Тумэ Василий Мухьэшир и къуэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и ЦІыхух тхылъыр етыным теухуауэ.

ЗэІуэщІэм и кІэухым депутатхэр нэхъ щыгъэпІейтей Іуэхугъэр щыхэхуауІуатэм, ЩэнхабзэмкІэ, спортымкІэ, туризмэмкІэ, цІыхубз хьыбарегъащІэ ІуэхущапІэхэмкІэ комитетым и Іэтащхьэ **Іэщщ Заур** тепсэлъыхьащ иныламым и мэхъэсэ егъэлеяхэр щІалэгъуэлэм кьыщащтэ кьызэрыхьуэм зэрригъэгъузавэр. Абы кьыхигъэщхьэхуэІащ апхуэдэ мыхъумыщІалъэм зимыдуйгъуэ папщІэ лъэныкъуэ кьытыныкъэгъэ зэмыдаІыгъащ.

Аргуэруу зэрытегъэкІуакъым

Махуэ ещанэ хъуауэ зэпэщІэт Костенюк Александрэрэ (Урысей) Ифань Хоурэ (Китай) дыгъуасэрей джэгугъуэм аргуэру зэрытегъэкІуакъым.

АПХУЭДЭУ Іуэхур кьекІэрэхъуэкІыну кьыпщыдзыгъэхъуи джэгуегъуэм и пэубгъэм (дебютым) зэхьагъэуэрэгъэкъым. ДжэгупІэ пэшым нэхъапэ Костенюк кьыщІыхьэри и тІысыпІэр иубыдащ. Нэрыльагъут абы игуэр и щхьэрэ зэрыізэтелъыр, кьызэхуэсахэми машІэу кьахуІыпфыкІырт. Александрэ и гукъыдэжьыр нэхъри кьиІэтащ Москва щыщу урысей шахматистхэм и тельхьэхэм я цІэкІэ чемпионатым и коментатор нэхъыщІхъэ Басюков Евгений абы ущІэ тІэгъэ Іэрамэшхуэ зэрыІэщІИпІъхьам. Дакъикьитl дэкІри залым Ифань Хоу кьыщІыхьащ.

Гугъуэсигъуу икІи кІыхьлІыхьу екІуэкІа джэгуегъуэр хужьхэмкІэ китайнкэм иублащ. Ятэ кІуэгъуэхэмкІэ аргуэру «испан зыхъумэжьыкІэр» пІэнькъуитІми яукъуэдиящ, икІи, абдеж зэрыщыхабзэу тІуми рокировкэ кІэщІ ящІащ.

Дыгъуасэрей джэгуегъуэм кьрикІуэнкІэ хъунум чемпионатым и кІуэхыр куэдкІэ зэрелытагъ арагъэнт, журналистхэри кІэпъыпІъкІуэхэри, зэхъэрхуэрэгъуэхэм «яхуэгъэзавэхэри» нэхъыбэу кьызэхуэсат. Нэхъыбэр урысей шахматисткэм хуэшынэрт, абы и пІэ махуэм екІуэкІа джэгуегъуэм щытекІуэфыну Іэмал иІар зэрызыІэщІигъэкІам Костенюк ирибамПІэ хуэдэу кьащыхьурти. Арщхьэкіэ, зэрихабзэу, Сашэ зэпІэзэрыттикІи набдзэгубдзапІэт, абы кьыхэкІыуи дебютым псынщІэу зиужьащ, джэгуегъуэм адэкІэ ГъуэгуигъущІ.

Шахмат джэгум кьару нэхъыбэрэ ефІэкІыныгъэрэ щызыІэу кьалъытэр япэ зэрыгъуэр кьызыпыкъырщ, абы кьыдэкІуэу хужьхэмкІэ джэгуар щытекІуэр кьызэрыгъуэм щытекІуэфыну Іэмал иІар зэрызыІэщІигъэкІам Костенюк ирибамПІэ хуэдэу кьащыхьурти. Арщхьэкіэ, зэрихабзэу, Сашэ зэпІэзэрыттикІи набдзэгубдзапІэт, абы кьыхэкІыуи дебютым псынщІэу зиужьащ, джэгуегъуэм адэкІэ ГъуэгуигъущІ.

Шахмат джэгум кьару нэхъыбэрэ ефІэкІыныгъэрэ щызыІэу кьалъытэр япэ зэрыгъуэр кьызыпыкъырщ, абы кьыдэкІуэу хужьхэмкІэ джэгуар щытекІуэр кьизыпыкъуэ. Апхуэдэу щыт пэтми, зэхъэрхуэрэгъуэхэр зэхуэфащэу зэпэщІэтащ дыгъуасэрей джэгуегъуэм. «ЗэрытегъэкІуакъым-тІэ!» - жыпІэ хъунущ, ауэ аракъэ езыр зэхуэфащэ яхьхуэар? Нэхъыбэщхэращи, зэхъэзэхуэ щыхьукІэ унгъэгузавэу, утримыгъэпІэу, «Адэкіэ сыту пІэрэ ящІэнур?» - жыигъэІэуэ дахэу зэдэджэгуащ.

Сыхьэтрэ ныкІуэкІэ зэпэщІэта нэхъ, Костенюк кьыдэщІэхэр хуиту бзуэжащ: абы ибыгъ ыпІэтІэр текІуэныгъэкІэ нэхъ ебэкІыу хъуащ, зэрытемыгъакІуэу зэхэкІыныкІэ зэрыхьунум и «шынагъуэрищхьэщыкІащ» комментаторхэм кьыльытащ. Арщхьэкіэ апхуэдэу тІасхъэтэкъым китаянкэри. И нэм нэсыху, пешкитІрэ пащтыхьымрэ кьищыІэмэщІа, уриджэгу хъуну зы фигурэ фІэкІа кьыхуэмынэжьыху, джэгуегъэр езым и сэбэп зыхэлъкІэ зэриухыну шэч кьытримыхьу, и гурымыгъэкІуэду Костенюк пщІэтащ. Апхуэдэхэм дежщ кьыщыбгурыІуэр шахматым пъэбакъуэ бжыгъэкІэ угупсысэрэ фигурэхэр бгъэбжьхуэн зэрыхуеІм и мызакъуэу, хахуагъэ пхэпын зэрыхуейри. Ар нэгъэсауэ кьигъэлъэгъуащ китаянкэ ныжьжыщІэм.

Пщыхьэщхьэр хэкІуэтэху зэрытемыгъакІуэу зэпэщІэта шахматистхэр ятІонэрэ я нэхъ лъэщыр зэхэгъэкІыгъуафІэкъым, ауэ ар наІуэ кьищІын хуейщ нобэрей тай-брейкым.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

● Осетие Ипщэм папщІэ

СыткІи зыщІагъакъуэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм икІри Осетие Ипщэм кІуэну ящыблагъэ ежьащ хьэпэзэшэ автомашинэ 15. Абыхэм ильщ ухуэныгъэм ирахьэлІэ материалхэр - шифер, абдж, лэч, щхьэгъубжьэхэр, линолеум, арматурэ, бжьамийхэр, цемент, нэгъуэщІхэр. Ди къуэш республикэм ирагъэщэну апхуэдэу ягъэхьэзыр хьэкъуащыкъэхэр, шхапІэхэмрэ унагъуэхэмрэ кьыщагъэсэфэн Іэмэпсымэхэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрыр гуэвэгъуэ кьызыпыса ди гъунэгъу республикэм Ипщэ федеральнэ округым щыщу нэхъ пасэу льэІэсахэм ящыщщ. Зауэр кьыщыхьеям кьыкІэлыкІуэ махуэм КъБР-м и Президентым и унафэкІэ кьызэрагъэпэщащ Осетие Ипщэм щыщу лей зытекьахэм медицинэ, социальнэ дэІепыкъуныгъэ етынымкІэ штаб.

Абы хагъэхьащ Убынщагъэр хьумэныжкІэ, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынныгъэмкІэ, Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ, Мэкъумщ хозяйствэмрэ ерыскьыпхьэхэмкІэ, Къэрал кІуэщІ ІуэхуэхэмкІэ министерствэхэм, Къэрал Іуэхущапіэм - Медицинэ страхованэмкІэ фондым, Урысей Федерацэм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэ КъБР-м щыІэм я лэжьакІуэхэр. Штабым и унафэщІу ягъэуващ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщім и къуэдзэ Чеченов Ануар. Махуэ кьэс иригъэкІуэкІ зэІуэщІэхэм штабыр лей зытекьахэм ззрадэІэпыкъуну Іуэхугъуэхэм щыхэплащ, лжьыгъэхэр зэрызрагъэІуну щыкІэхэр щыуб зыхуащ. Лэжьыгъэхэр ятещІыхьауэ щытащ Осетие Ипщэм и цІыхухэр штапІэ ихьэжауэ Осетие Ищхъэрэм-Аланием щыІэхэми Къэбэрдей-Балькъэрыр хэщІапІэ зыхуэхъуакъэми.

ШтапІэ ихьэжауэ ди деж кьэкІуэ цІыху 339-м ящыщу 173-р зи ныбжьыр илъэс 18 иримыкІуэ сабийт. Абыхэм тыншыпІэ псори кьыщыкъуэзрагъэпэщащ Налшык дэт «Къурш псыно», «Кавказ» санаторэхэм. Осетие Ипщэм кьиклаэр пэш зэпэщхэм щагъэтІысхьащ, махуэм 4-5 ягъэшхащ, зи узынщагъэкІэ нэхъ хуейу кьалъытахэм зыхуэфащэ медицинэ дэІепыкъуныгъэхэр ираташ, санаторэхэм яІэ Іэмал псори кьагъасэбэнур елэзащ.

Осетие Ипщэм кьиклаэм шынагъуэ кьатемыхьэн папщІэ, санаторэхэм ккомендатурэхэр кьыщыізэрагъэпэщащ, абыхэм хабзэхьуэмэ органхэм я лэжьакІуэхэр жэщи махуэ щыІащ. Республикэр хьэзырт штапІэ ихьэжа цІыхуэхэр зыхуэйм хуэдиз зэманкІэ зэригъэхьэщІэным. Гуэвэвэгъуэм кьрихужьхуэу республикэм кьэкІуаэхэм егъэзыпІэ тэмэм кьахуэзгъэпэщыным хэтар властым и закъуэкъым, атІэ предприятэхэри, кьызэригуэгъэІ цІыхухэри хэлъхьыжащ. Ди республикэм исхэм а зэманым щыгъыну тонни 2-м щигъу, хущхьуэ зэмылІэужьыгъэхэр, махуэ кьэс кьагъэсэбэп хьэпшыпхэр, спорт Іэмэпсымэхэр, тхьылъхэр зэхуахьэсащ. Щыгъынхэр зэхуэхьэсыныр апхуэдэу кьыщызэрагъэпэщауэ щытащ осетинхэм я «Ныхас» пъэпкъщхэкІэ центрми республикэм и районэхми. КъБР-м и Президентым и сайтым цІыхухэм тхыгъэхэр кьагъэхьащт Осетие Ипщэм щыщ сабийхэр езыхэм я унагъуэхэм щагъэзыжьыну теухуауэ. Лей зытекьахэм ядэІепыкъуни папщІэ Осетие Ищхъэрэм-Аланием Лъэпкъ зэмрэ социальнэ зыужьынныгъэмкІэ и министерствэм и деж кьыщызэІуахэ счетым Къэбэрдей-Балькъэрым и цІыхухэм сом мелуани 2,5-м нэблагъэ ягъэхьащ. ШтапІэ ихьэжакэр Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэуащ щыщхьэІум и 26-м нэсыху.

Зауэр кьыщыхьеяуэ щыта ипэ махуэхэм щыщІэдзауэ нобэм къэс ди республикэм Осетие Ищхъэрэм-Аланием ирегъашэ Осетие Ипщэм щыщу абы щегъІыс зохахэм зэрадэІэпыкъу хьэпшыпхэмрэ ерыскьыпхьэхэмрэ. Я эмэмым кьиріубыдэу ди къуэхэм папщІэ яшаи ерыскьыпхьэу, щыгъыну, хущхьуэу тонн 260-рэ, псори зэхэту сом зы мелуанрэ мин 700-м щигъу и уасэу. Апхуэдэу ди гъунэгъу республикэм Іэрагъэхьащ цементу тонн 14, пхьэхэкІыну тонн 60. Абы кьыдэкІуэу гуманитар дэІепыкъуныгъэ Владикавказ иращуэрэ Цыкъмар зышхэм яхэтащ КъБР-м и хьэлъэзешэ автомашинэу 27-рэ.

Къэбэрдей-Балькъэрым щыщ электрикхэр хэлэжьащ Осетие Ипщэм и электросетхэр зэфІэзэувэжьмым. Зауэм ублэгъэ щыхуэхэм елэзащ «ДэІепыкъуэгъэ псынщІэм» и бригадэу 4, Гуэвэвэгъуэхэр кьыщыкъуэ щыхэплажьэ медицинэ центрым и бригадэу 3, санавиацэм щыщхэр. «ДэІепыкъуэгъэ псынщІэм» и бригадэу ди деж иклаэр нэхъ иужькІэ 10-м нагъэсауэ щытащ.

Кьыхэзгъэщыпхьэщ Гуэвэвэгъуэхэр кьыщыкъуэ щыпІэхэм щыпсэуну медицинэ центрым и лэжьакІуэхэр. КъБР-м и кІуэ Осетие Ипщэм щыщхьэІум и 8-м зэрыпэсар. Абы щыгъуэ медицинэ дэІепыкъуныгъэ тэмэм кьызэзыгъэпэщыфын нэгъуэщІ ІэщІагъэлъэхэр зауэ кьыщыхьея щыгъуэм щыІэтэхьащ. Ди дохутырхэр хэтащ бийр топкІэ зэпэщІауэ кьызэзыгъэ Іэмэпсымэ щыщ щІэныгъэр кьыдэгъэІэпхъуэныным. А зэманым КъБР-м и сымаджэщым щызэхьэзырауэ щытащ Осетие Ипщэм кьрашынкІэ хьуну уІэгъэхэр щагъэзгъуэлъын гъуэлъыпІэу 445-рэ. Сыт хуэдэ пІащІэгъэ Іуэхугъэ дагъэкІын папщІэ кьызэрагъэпэщауэ щытт «ДэІепыкъуэгъэ псынщІэм» и бригадэу 20-25-рэ.

Махуэ 12-кІэ Осетие Ипщэм щыІащ КъБР-м Узынщагъэр хьумэныжкІэ и министерствэм суд-медицинэ экспертизэмкІэ и бюром и лэжьакІуэхэр. Аэрэ УФ-м и прокуратурэм СледствиемкІэ и комитетым и Іэщагъэлъэхэм ядэлажьащ.

ХЬэПЭ Маринэ.

Законхэр къыдэзыгъэкІ орган нэхъыщхьэм юбилейм зыхуегъэхьазыр

Республикэм и Парламентым и юбилейм зэрызыхуагъэхьазырым щытепсэлъыхьащ законхэр къыдэзыгъэкІ органым и Президиумым и зэІуэщІэм. Ариригъэкіуэкіащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс.

ВИЦЕ-СПИКЕР **Федченко Людмилэ** зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ юбилейм зыхуэгъэхьазырыным теухуа планым ит Іуэхугъуэхэр зэрагъэзащІэм.

Республикэм и жылагъуэ псоми юбилеймэ техуэри спорт зэхьэзэхуэхэр щекІуэкІащ, газетхэм рубрикэ щхьэхуэхэр кьыщызэІуахащ, радиомрэ телевиденэмрэ КъБР-м и Парламентым ирихьэкІжьыгъэм теухуа программэ щхьэхуэхэр ягъэхьэзыр. 1938 гъэм кьыщыщІэдзауэ 2008 гъэм нэсыху законхэр къыдэзыгъэкІ орган нэхъыщхьэм кьикІуа гъуэгуанэр, абы зэрызиужьар кьызэхуэсыщІыхьэр, и кьэкІуэнур» фІэщыгъэщІэр зиІэ щІыналъэ щІэныгъэ конференц Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэмрэ Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академиемрэ и Къэбэрдей-Балькъэр щІэныгъэ центрымрэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и унэм фокІадэм и 17-м зэрыщекІуэкІынымк, абы ичыбдэу «СтІол хъурей» кьыздэсрагъэпэщыным.

Республикэм зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр щокІуэкІ, «КъБР-м законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэр илъэс 70 ирокъу. Документхэмрэ материалхэмрэ» ягъэІэпхъуэ суэрт Іэпльэгъэуцужьыгъэ кьызэІуахынущ. ГуфІэгъуэ зэІуащІэр зэхэтынущ жэпуэгъэуэм и 17 - 18-хэм. Абы ирихьэлІэу жыгІащІэхэр хасэну, шыгъажъ кьызэрагъэпэщыну я мурадщ.

Юбилейм зыкъуагъэхьазырыныкІэ планым кьыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъэр гъэзэщІа зэрыхъум хэплъэри, Президиумым хэтхэм кьахьагъащащ мы Іуэхум КъБР-м и жылагъуэ-политикэ гъащІэм хуэфащэ зэрыпІэ щиубыдын папщІэ иджыпсу зэфІэгъэкІын хуейхэр зэрыщыІэр.

Федченкэ Людмилэ Президиумым хэтхэр щыгъуазэ ищІащ «КъБР-м и парламентаризмэр зэрызэтеувар, абы зэлэжьыну кьыпэзыхэщ материалхэмрэ суратхэмрэ зэхуэхьэсащ. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэкІэлъыкІуэ зэІуэщІэмрэ и системэм и тхьідэр» юбилей тхьылъым и макетыр мыгувэу хьэзыр хьунущ.

Республикэм и еджапІэхэм «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ орган нэхъыщхьэм и тхьідэр, абы и лэжьакІэр, зэфІигъэкІа Іуэхугъэр» фІэщыгъэщІэр зиІэ дерс зэІуэхэр щрагъэкІуэкІ Парламентым и депутатхэм. Абы къыдэкІуэу еджакІуэхэм КъБР-м и Парламентыр ирагъэльэгъунущ, ахэр Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытахэм, иджыпІэ Парламентым и депутатхэм, къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэхэм, интеллигенцэм и лІыкІуэхэм яІущІэнущ.

Федченкэ Людмилэ Президиумым хэтхэр щыгъуазэ ищІащ «КъБР-м и парламентаризмэр зэрызэтеувар, абы зэлэжьыну кьыпэзыхэщ материалхэмрэ суратхэмрэ зэхуэхьэсащ. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэкІэлъыкІуэ зэІуэщІэмрэ и системэм и тхьідэр» юбилей тхьылъым и макетыр мыгувэу хьэзыр хьунущ.

Республикэм и еджапІэхэм «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ орган нэхъыщхьэм и тхьідэр, абы и лэжьакІэр, зэфІигъэкІа Іуэхугъэр» фІэщыгъэщІэр зиІэ дерс зэІуэхэр щрагъэкІуэкІ Парламентым и депутатхэм. Абы къыдэкІуэу еджакІуэхэм КъБР-м и Парламентыр ирагъэльэгъунущ, ахэр Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытахэм, иджыпІэ Парламентым и депутатхэм, къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэхэм, интеллигенцэм и лІыкІуэхэм яІущІэнущ.

«СтІол хъурей» ирагъэкІуэкІ

КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкІэ и комитетым «СтІол хъурей» зэІуэщІэ иригъэкІуэкІынущ. Урысейм и щыхэхуэм папщІэ зэзэгъыныгъэхэр зэхэлъхьэным теухуа проектым и Іыхьэ нэхъыщхьэ дыдэхэм хиубыдэр - куэду зэтемыт псэупІэхэр зыыбгъуэуэ уху хуэныр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ящыщ 15-м щекІуэкІынущ мы хэщІапІэм: *Налшык къалэ, Ленныим и уэрам, 55, Парламентым и Унэ, зэІуэщІэхэр щрагъэкІуэкІ пэш нэхъыщхьэ.*

Абы ирихьэлІэну хуейхэм нэхъ пасэу зрагъэтх хьунущ, 40-41-97, 42-49-02 телефонэмкІэ псалъэу.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

Къэрал, политикэ лэжьакІуэшхуэ Мэлбахъуэ Тимборэ и фэеплъым теухуауэ

Къэрал, политикэ лэжьакІуэ щэрыпуэ Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр мыкІуэдыжьу хьума хьун папщІэ, Налшык къалэм абы щыхуагъэувыну фэеплъым и проект нэхъыфІыр кьыхэхыным теухуа зэпэуэ зэІуха екІуэкІынущ 2008 гъэм фокІадэм и 20-м щыщІэдзауэ.

А зэпеуэм и кьызэрэзэпэщыкІэм щыгъуазэ зыщыхуэфщІ хьунущ **www.smikbr.ru** сайтым е «Официальная Кабардино-Балкария» газетым и номеру мыгувэу кьыдэкІыным.

«АдыгэпсалъэР» кьыхьызох

Хьэщ1э льап1э

Ди АНЭДЭЛЪХУБЗЭМКІЭ дкъыдэкІ газетыр илъэс куэд ІыдэнрэР ди унагъуэ кьохьхьэ. Дэ псори, нэхъыжьхэ нэхьыщІи, «Адыгэ псалъэм» и кьыдэкІыгъуэхэм щыІ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

НыбжьыщIэхэр Iуэху мыщхьэпэм щыхъумэныр ямэ ирагъэщ

Шыгъуэпхэ я зэхуэсыщхуэм хэта гуп.

**КъБР-м щыIэ МВД-м Балигъ мыхъуауэ хабзэр кьыIэпыIэныдахэр пIалъэкIэ щаIыгъ и центру (ЦВСНП) Прохладнэ кьалэм дэтыр зэрагъэпэщыжауэ, пэщ щхьэхуэхэр кьыIуагъэщыхьауэ кьыIэIуахьыжаш. Абы хэтщ Iэмэпсымэ хэр зыщIэт спорт, зыгъэпэсхуIэ пэщыщхуэхэр. Я зытхьэщыпIэхэм щыщIэдзауэ щыжей пэщхэм нэсу псори екIуу кьиущыкIаш, уиэльащIэу зыхуеинухэр щIагъэуваш. Я пщэфIапIэрщи, кьабзэщ, ерыскыыкIэхэр нэгъуэщI щыпIэ кьрымыщу, езых эм я дек щагъэхьэзыр, махуэм щэ ягъашхэ. ЯIэщ тхыль ерыскаи пэщи. Ауэ мы библиотекэ мыним тхылъ щыIэзэхуэхьэсар машIэ дыдэщ, ахэри иджыпей щIалэгъуаIэм я нэхъыбэр дэзымыхьэх классикэ литературэщ. ЗанщIэу быхэзгъэщынщи, балигъ мыхъуахэм кьахуэщыхьэпэм тхьилъэкIэ яхуэупсэжи жэрдэм эпIэ щыIэмэ, Iуэхущапсэм и унафэщIхэр абы щыгъуфIыкIынущ.

КЪЫЩIЭХУА ныбжьыщIэ хэр пIалъэкIэ щаIыгъ центрым и унафэщI, милицием и подполковник Дэш Сэлим кьыIэзэхуэсаэхэр кIэщу щыгъуазэ ящIаш Iуэхущапсэм и тхыдэм, игъуэтауэ зэхуэсхьыныгъэхэм. Сыт хуэдэу ирехъуи, я кьалэн нэхъыщхьэр зэрыщыгъу кьэнэжаш - ар сабийхэр кIэрыгъуеIыпщ мыхъуныщ, абыхэм хабзэр кьыIэпемыIэуфыныщ, я хуитыныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хьумэнырщ, щытыкIэ гугъуэм кьихута ныбжьыщIэхэм социально-психологие дэIэпыкъуныгъэ этыныщ, псом ящхьэжыщ, абыхэм ящыщ дэтхэнэри гъуэгу захуэм тегъэувэжыщ.

- Кьэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ министру КъБР-м щыIэ Томчак Юрий, хабзэхьумэ органхэм я унафэщIхэм фIыщIэ яхудощI ди Iуэхущапсэм гулыситэ кьыIэзэрыуащIэм, зыкьыIэрыщIэ, ныбжьыщIэ ящыщ, фIыуэ сольагъу, дапщэщи пщIэ лей яхузощI. ЛожьакIуэшхэхэщ, я хабзэ-нэмысыр япэ ипщи, Тхъэм яхунщIигъэхьэ-хэ, мы зэхьхьэшхуэм щыжаIаХэм я нэхъыфI псори Тхъэм кьалъигъэс», - кьыхигъэщащ Хьудин и хъуэхъум.

ЗэIуцIэм ягу кьыщагъэкIыжащ Шыгъуэпхэ я щIэ фIыкIэ зыгъэIуауэ, Хэкум хьэлэту хуэлажьауэ нобэ яхэмытыжкхэр.

«Абыхэм мыпхуэдэ зы Iуэху гуэр яльэгъуагъэ, сыту насыпыщуэт. Дыкъэзыльхьэрэ, ныкъэльхьэщ щыхубгъэм я гъэщIэгъуэн, зэчиифIэхэр зэраГъэм щэ кьытеехьэркъымэ, - кьитъэльхьэщ щыхубгъэм я зэчиифIыгъэ щыжаIаш Лизэ.

Адыгейм кьикIахэм я нэхъыжь Сихьэт кьыхэзыхихэщамкIэ, я кьэрсыр Кьэбэрдейм кьыхэрыщекъым щхьэкIэ щыIэныгъэ щыIэ, Iуэхущапсэм я кьэкIуэцIыкIэ Iэрыгъ

Зи къалэмыр жан къулыкъущIэ

КIыщокъуэ Пщымахуэ и къуэ Рашид къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу

КIыщокъуэ Рашид (1908 - 1975 гъг.)

Полковникым и кIэрахъуэ тыгъэр

НОБЭРЕЙ тхьамахуэр ди унагъуэм исхэм Iуэху лъэпкъ зыхуамыIэ Милицэм и мах уэт. Ауэ щыхъукIэ си пэщым зыщIэзубыдэжу сылажьэу сыщыс хьунут. АрщхьэкIэ шэджагъуэ нэужьым лэжьакIуэ кIуэну фызым (абыхэм я щысыгъуэр блыщхэрат) унэр зэлъашIуэох жери дунейр икьутэу мэлэуэльауэ: зэрыжькыщIэ машинэри «сабэшхри» мэв у, а псори зырикIуэ ешхэм и кIий макьми сыщигъэсыркьым - абы зэлъыIуихьм нэхьрэ нэхьыбэ кьретхъуькъэ ильэс зыплитху зи ныбжь сабийм.

- КхьыIэ, мыр щIэши фыщIэкI. Си Iуэхум кIэ имыгъэтэрэ, фи шэджагъуашхэри фхуэзэмыгъэхьэзырауэ, си щIэкIыгъуэр кьэсыну, - жери фызыр кьызэольIу. Арыншами мо дуней кьутэжьм хэсщIыкIыфакIыми, сыгъуэмтIымэуэрэ си Iуэхур кьызэогьанэ. Эуэ джэгуным дихьэха сабийм кьыс-хущIэжьым имыдэу зыкьретIэ.

- НакIуэ, ущIегъуэжьинщ. Нобэ Милицэм и махуэщ. Зыгуэрхэр ягуэшынущ.

- Пэжри? Сыт згуэшынур?

- КIэрахъуэ. Дамэтель. Милицэ машинэ.

- СыкъэбгъапцIэркъэ, папэ?

- Уэ у зэщхьыр пщIэрэ? Зыри зи фIэщ мыхьу Фомащ. Сатум и махуэм нобэ псори пщIэнщэу ягъыбжесIами уи фIэщ пщIатэ-къымиI, пщIэкрэ, узыхуейуэ хьуар кьуататэкъэ?

- Нобэ кьызэатыну-тIэ? - мо сабий жьIэзыфIэщым жесIэхэр и фIэщыпэ мэ хьу. Атlэми, сатуущIхэм я махуэм «пцы зэрызмыупсар», зыхуейуэ хьуар «пщIэнщэу кьызэрыратар» игу кьокIыжри...

Мо махуэми нобэ хуэдэ щхьэгъэсыгъуэ гуэркIэ дыкьыщIахуауэ «У рысей» хьэщIэщым деж дыкьэсмэ, статуущIхэмрэ щэхуаклуэхэмрэ дунейр якъутэу зэрызохьэ. Зи Iэпэр сIыгъ сабийм рэ сэрэ си ныбжьэгу гуэрхэм дахуоээ. Ауэрэ дыпсалъэурэ, пивэ кьыдогъащтэ, щIалэ цIыкIуми псы IэфI кьыхудоIых. Сабийр набдзэгубдзапIлъэ кьыдопIь - ахьшэ еттынрэ едмытынрэ зэхигъэкIыу, дэ апуэдзэ Iуэху зетхуэрэкьым зэкIэ. Дрикъуху дефэмэ, псоми я уасэр зэуэ еттыжьнущ. Ауэ мобы ар кьыззэрыгурыIуэр нэгъуэщIуу: папэ сыкьыгъэпщакьым - нобэ псори пщIэнщэу ятыр пэжщ.

Ди пивэ дефэу, дыпсалъэу дыщытыху мобы ищIэращ: и нэ кьыфIэнэу хьуар кьалех, и жьпхэм из ещI, и IэплIэм хуэфIу зыгуэрэр ильу кьыIуерэзэкIыкь. АрщхьэкIэ нобэ псори «пщIэнщэу зыт» затуущIэм жьыжьэ унагъэсынт?

- Къэвубиду! ФымыгъакIуI. - жаIэу зэрыгъэкIийуэ щIадзэ. КIий-гуоэжмкIэ сеплъэкIмэ, кьаубыдыну «дыгъуэ» си кьуэрати, кьэхьуар кьыдзгуроIуэрэ:

- ДапIщэ хуэзэрэ мо дыгъуакIуэм иныгъэм? - соупщI сыкьэпIыпу - фIыкIыурэ, Iуэхур зыIутри яжьэоIэри, ноби пщIэнщэу зыри зэрамытыр сабийм кьрагъащIэу и жагъуэ ямышIыну сольIуэ...

- Папэ, дэнэ деж а жьыхуэIэхэр щагуэшыр? Милицэжьхэм фIэкIа зыри слъагъуIым.

- Модэ нэхъ ипщэкIэщ. Щыбжесlам занщIэу дыкьыщIэбгъэкIакьым. Дыкьыкlэрэхуэмэ, псори зэбграхьжамэ, уэраш зягъэр...

- Нажэ-тIэ псынщIэу! - сабийм срельэфажьэ. Ауэ, сыт хуэдизкIэ псынщIэу дымыкIуами - дыкьыкIэрыхуэт: зыри ягэушыртэкьым. Сабийр нэщхьеибгэ кьэхъауэ кьыздэткIуэхьым, шокьущ жоуэ дыхуоээ полковник фащэр кьызыщыльдыкI Кlыщокъуэ Рашид. Я махуэмкIэ сохъуэхьу.

- Уэрэн ехьу экъу. Мы дядяр милицэхэм я милицэжщ. Ди гъунэзэгъу щытащ.Икlи ди кьуэжэгъущ, - арщхьэкIэ нобэрей махуэм куэдкIэ щыгугъа сабийм и

ХьэщIэ лъапIэ

БЖЭРIутрхэр полковникыр япэиту дыщIыхьэжмэ, зэанэзэкьуэ кьэуIэбжьаехэр нэхъри къэзыгъэщтар хьэщIэ кьуэгъым кьыкIуэжу:

- Фи Iэр фIэт! - жызыIуэ къэкIия сабийм. Ауэ ар ятрифыбда кIэрахъуэм кьилдыкIа мафIэ бзийрщ.

- Мыр сыт Iей? - зи псэр IукIа фызым кIэлындор уэздыгъэр щIегьанэри: - АIей, Рашид, уэра мыр? Гур мыпIэмэ, нэм ильагъуркьым, жи. Хэт и гурэнт уэ мыбы укъэкIуэну? НакIуэ! ФынакIуэ!..

- Сэращ ар къэзышар! Пэжкъэ, дядя Рашид? Уэракъэ мы кIэрахъуэ? Ауэ ар кьыззэытар?.. - сабийм увыIэгъуэ иIэкьым. - Уэракъэ, зо?

- Хьунщ иджы! ПсальитI зэгурымыгъаIуэу!.. Дауэ ущыт? Сыт ухуэзэ?.. - фызми и жьафэр кьехьрыкьым.

- Нобэ Милицэм я махуэщ. Уэхъуэзынумэ, ухуитщ.

- Ауэ сытми дехьуэхьун!

- Мы сыкьыздэпшар дэнэ, Елгъэрэз я кьуэ?.. - Рашид иджыри зэрыIэнкуащ.

- Ди деж.

- Дауэ фи дежу?.. Мыр... мыр... Зое мыбы...

- Ар ди мамэ Зоец, - си пIэкIэ жуэ ар кьет Рашид и ныбжьэгъу хьуа сабийм.

- ФэнтIур... Фызэщхьэгъуэсуэ ара?

ЕлГЪЭР Кашиф

Дызыгъэнэщхъеинкъым нобэ дызыхуейр

Гукъэкlыжхэм щыщщ

цыр уащ. Гукъыдэж лъэпкъ иIэкьым. Апхуэдэу щIыщытыр Рашид щыжесIэм:

- Iэ, сабийр щхьэ къэбгъэпцIатIэ? - жеIэри и щхьэм Iэ дельэ. И жыпым кьрехри... кIэрахъуэ цыкIу кьыхуеуий.

- Аxьей уэрэ! Мыдэ кьеплыт мафIэ бзийр кьрихьху зэрыуэм, - жеIэри кIэрахъуэм ещхь зажигалкэр щIегъанэ. ЩIалэ цыкIур мапхъэри кIэрахъуэр кьыIущIеч. Абы дуней гуфIэгъуэу иIэм ущIэмыупщIэ.

Милицэу хьуам я милицэж дядя Рашид тыгъэ кьыхуищIам зригъэщIагъэу, ар «игъауэ»-игъэуэкIыфIыжу дыкьыщIэдехьыкьм:

- Неблагъэ, Рашид. Нобэ фи махуэ ЩIалэ. Дыщысынщ. Дыхьэхьэнщ...

- Хьэуэ. Мохэри кьыIэлъэIуати сакьыхуэнакьым. Iэхъу гуэрхэр сиIэщ...

- Iуэхури дэнэ кIуэжьи? Нобэризэм зыбгъэпсэжумэ... - солъIу, ауэ сызыхитъэзэрхьым, Итlанэ бзаджагъэм сыхуокIуэ: - Уэ Iэджи плъэгъуащ, Iэджми ахуэгъащ, Ауэ сэ уэзгъэльагъунур игъащIэкIэ уигу кьэмыкIын гъэщIэгъуэн гуэрщ...

- Iэ, сыту пIэрэ апхуэдизу?..

- Уэ кэуд кьэпщIэфу щыпащ, ауэ ди деж щыплъагъунур зищысыр уныщIэмыхьауэ, уи нэкIэ умылъэгъуауэ кьыпхуэщIэнукьым.

- Уэпэхьи сымыщIэ... Сыту пIэрэ ди щхьэлыкьэ щIалэм сыбгъэльагъуну гъэщIэгъуэныр? - тIэкIу Iэнкун кьоху.

- ИгъащIэм уи унэ сынимыкьахуэ... - ар пэжт: езыри си унэ кьихьатэжьэм, сэри абыхэм я деж зэи сыщыхьатэжьэм. Ауэ щыхьэкIи, нэжьапэкIэ дызэгъэнэгъубзэу, дызэхуэзэмэ, сэлам зэтхуэу зы хьэбгъэ дыдэсат. Иджыри дызэпэжьыжьэтэхьым. Абы и лъэныкъуэкIэ и кIуэ нэхъыщIэ Алимрэ сэрэ нэхъ дызэпыщIат, езыр зэ фIэкIа си мыхьэщIами, сэ абы куэдрэ сыкIэлъыкIуэрт. Апхуэдэу щIыщытри гурыIуэгъуэт - Рашид милицэхэм я милицэжмэ, Алим тхакIуэхэм я тхакIуэжт. Сэ, Iкъэм и щыхуркIэ, милицэ хэм Iейки фIыкIи сапыщIатэкьым. Ауэ сыдихьэзыкIу, ари ди кьуажэ зэрыщыщыр си напщIэм тельу сыкьеджэрт зи цIэр Iэджэ щIауэ зэхэсх Кlыщокъуэ Рашид и романхэм. ЖыпIэнурамэ, абы сэ сыкьыззэрицIыхум нэхърэ езыр нэхъыфIу сцIыхур т, пщIэ хуэсщIрт. Абы теуэлауэ хьыбар Iэджэм сыщыгъаззэ т, аэр ди унагъэ зэи щызэкIуэрт. Абдхъэм сыщIэзыгъэIурат Рашид зыщымыгъаззэ гъэщIэгъуэну ди унэ щезгъэльагъунур. АрщхьэкIэ мобы иджыри зрелъэфыхьри кьыскъутечырыкьым.

- НакIуэ, дядя Рашид, мы кIэрахъуэр уэ кьыззэрызэпт ар Аскэри ди мами я фIэщ зыхунькъым, псынщIэу дымыкIуами - дыкьыкIэрыхуэт: зыри згъэшыртэкьым. Сабийр нэщхьеибгэ кьэхъауэ кьыздэткIуэхьым, шокьущ жоуэ дыхуоээ полковник фащэр кьызыщыльдыкI Кlыщокъуэ Рашид. Я махуэмкIэ сохъуэхьу.

- Уэрэн ехьу экъу. Мы дядяр милицэхэм я милицэжщ. Ди гъунэзэгъу щытащ.Икlи ди кьуажэгъущ, - арщхьэкIэ нобэрей махуэм куэдкIэ щыгугъа сабийм и

- Хьэуэ, - кьыдоуэ аргуэру цыкIур, - мыр ди папэу, мыр ди мамэу аращ.

- Iэ, сабийр щхьэ къэбгъэпцIатIэ? - жеIэри и щхьэм Iэ дельэ. И жыпым кьрехри... кIэрахъуэ цыкIу кьыхуеуий.

- Аxьей уэрэ! Мыдэ кьеплыт мафIэ бзийр кьрихьху зэрыуэм, - жеIэри кIэрахъуэм ещхь зажигалкэр щIегъанэ. ЩIалэ цыкIур мапхъэри кIэрахъуэр кьыIущIеч. Абы дуней гуфIэгъуэу иIэм ущIэмыупщIэ.

Милицэу хьуам я милицэж дядя Рашид тыгъэ кьыхуищIам зригъэщIагъэу, ар «игъауэ»-игъэуэкIыфIыжу дыкьыщIэдехьыкьм:

- Неблагъэ, Рашид. Нобэ фи махуэ ЩIалэ. Дыщысынщ. Дыхьэхьэнщ...

- Хьэуэ. Мохэри кьыIэлъэIуати сакьыхуэнакьым. Iэхъу гуэрхэр сиIэщ...

- Iуэхури дэнэ кIуэжьи? Нобэризэм зыбгъэпсэжумэ... - солъIу, ауэ сызыхитъэзэрхьым, Итlанэ бзаджагъэм сыхуокIуэ: - Уэ Iэджи плъэгъуащ, Iэджми ахуэгъащ, Ауэ сэ уэзгъэльагъунур игъащIэкIэ уигу кьэмыкIын гъэщIэгъуэн гуэрщ...

- Iэ, сыту пIэрэ апхуэдизу?..

- Уэ кэуд кьэпщIэфу щыпащ, ауэ ди деж щыплъагъунур зищысыр уныщIэмыхьауэ, уи нэкIэ умылъэгъуауэ кьыпхуэщIэнукьым.

- Уэпэхьи сымыщIэ... Сыту пIэрэ ди щхьэлыкьэ щIалэм сыбгъэльагъуну гъэщIэгъуэныр? - тIэкIу Iэнкун кьоху.

- ИгъащIэм уи унэ сынимыкьахуэ... - ар пэжт: езыри си унэ кьихьатэжьэм, сэри абыхэм я деж зэи сыщыхьатэжьэм. Ауэ щыхьэкIи, нэжьапэкIэ дызэгъэнэгъубзэу, дызэхуэзэмэ, сэлам зэтхуэу зы хьэбгъэ дыдэсат. Иджыри дызэпэжьыжьэтэхьым. Абы и лъэныкъуэкIэ и кIуэ нэхъыщIэ Алимрэ сэрэ нэхъ дызэпыщIат, езыр зэ фIэкIа си мыхьэщIами, сэ абы куэдрэ сыкIэлъыкIуэрт. Апхуэдэу щIыщытри гурыIуэгъуэт - Рашид милицэхэм я милицэжмэ, Алим тхакIуэхэм я тхакIуэжт. Сэ, Iкъэм и щыхуркIэ, милицэ хэм Iейки фIыкIи сапыщIатэкьым. Ауэ сыдихьэзыкIу, ари ди кьуажэ зэрыщыщыр си напщIэм тельу сыкьеджэрт зи цIэр Iэджэ щIауэ зэхэсх Кlыщокъуэ Рашид и романхэм. ЖыпIэнурамэ, абы сэ сыкьыззэрицIыхум нэхърэ езыр нэхъыфIу сцIыхур т, пщIэ хуэсщIрт. Абы теуэлауэ хьыбар Iэджэм сыщыгъаззэ т, аэр ди унагъэ зэи щызэкIуэрт. Абдхъэм сыщIэзыгъэIурат Рашид зыщымыгъаззэ гъэщIэгъуэну ди унэ щезгъэльагъунур. АрщхьэкIэ мобы иджыри зрелъэфыхьри кьыскъутечырыкьым.

- НакIуэ, дядя Рашид, мы кIэрахъуэр уэ кьыззэрызэпт ар Аскэри ди мами я фIэщ зыхунькъым, псынщIэу дымыкIуами - дыкьыкIэрыхуэт: зыри згъэшыртэкьым. Сабийр нэщхьеибгэ кьэхъауэ кьыздэткIуэхьым, шокьущ жоуэ дыхуоээ полковник фащэр кьызыщыльдыкI Кlыщокъуэ Рашид. Я махуэмкIэ сохъуэхьу.

- Уэрэн ехьу экъу. Мы дядяр милицэхэм я милицэжщ. Ди гъунэзэгъу щытащ.Икlи ди кьуажэгъущ, - арщхьэкIэ нобэрей махуэм куэдкIэ щыгугъа сабийм и

ДыгъуакIуэхэм я ныбжьэгъуэ зыгъэныбжьэгъуа

АФИ ЛЭЖЬЫГЪЭР зэревгъэкIуэкIмкIэ кьыкфхуэмыдрэ ськэрэ щыIэт, Рашид, - зэбгъэгъуэщытаитIым си псальи яхьэольхьэ.

- У эпэхьи, щыIэ хьунт эм. Псори арэзы пхуэзыщIэ?..

- Ди кьуажэдэсхэми яхэтт кьыпхуэшхыдэ. Дыгъуэгъуэлуэхэр, Iэпэщакlуэхэр игъэнаб-жьэгъуу, нэфI-ней зефхьэу жаIэр т.

- Нэфl-ней зетхьар пцIыщ. Ауэ дыIэщэ дыгъуакIуэхэм, бзаджэщIэхэм ящыщ гуэрхэр Iупэфэгъуэ хьэтIыгъ ящитар пэжщ. Адыгэхэр хьунутэкьым. Хабзэншагъэ зыщIэхэр милицэ кьудейкIэ кьыпхуэубыдыкьыкьым - абыхэм уи цIыху яхэбутIыпщхьэфмэ... Ар зэщхьыр пщIэрэ? Си кIуэцIыр уэзгъэ ныбжьэгъу кьеБгафэу кьеБгъэжьу - тэ хуэдэщ.

- Хущхъуэм и пIэкIэ гын... А гыныр фи цIыхуращ...

- Тэмэм. Ныджэм кьытридза бдзэжьей уэ, мис а гыным и сэбэнкIэ узыр и кIуэцIымкIэ кьыщыкьэтрэ...

- Сэ Налшык сыкъэкIащ. Фи районым и кьуажэхэм налогхэр кьыззэрыхьэкIыр ськэспщIэну аращ, - жери жьыжьэу кьышцегъажьэ, куэдым тепсэльыхьурэ:

- Налог зыт фи кьуажэдэсхэм я спискэхэм севгъэплъыт.

Тхыльхэр зэIепщIыкI.

- КIыщокъуэ Пщымахуэ и унагъуэр хэту сльагъуркьыми мыбы.

Пщымахуэ зэрылIэрэ куэд щIащ...

- Iэгъу, и гуэныхь Тхьэм кьыхуигъэгъу! Фыз, бзын кьыщIэнакъэ абы?

- КьыщIэнащ, тхьэ! Кьуитl иIэщи, Кьэбэр дейр ягъэву. Алим тхакIуэшхуэ щыIэ и кIыкьуэ щIэшхуэщ. Адрейщи... хэтыт абы и цIэр?

- Рашидщ жаIэ.

- Аращ - Рашидщ. Ари милицэу хьуам я нэхъыщхьэу, дыгъуэгъуэ кIуэхэм я псэжхэуу жаIэ... Ауэ зэкьуэшитIри кьалэм щопсэуэ ри...

- Абыхэм шыпхъу яIэкъэ? Я жар псэукъэ?

- ЯIащ, тхьэ. Хэт еджэри яшащ. Хэт ящыжэри я анэм бгъэдэсщ.

- ЩыкьуажэдэскIэ, адрейхэми кьэуэдэу, абыхэ эми налог щхьэ кьаетемыкуэрэ-тIэ?

- ТщIэркъым...

- Пщымахуэ и кьуэхэр зэрыкьулыкъущIэшхуэм щхьэкIэ... - зыгуэр и пащIэкIэ кьыщIогуфыкIкI.

- КIуылыкъущIэхэм налог ямыту ара?

- Аракъым ар зэрыщытыр, - нэхъ зыхьыгъэнэхьыкIуэ гуэр жьантIэм кьыдопсэльыкI. - Кьуажэдэсхэм я спискэр дэ районым идогъэхь. Ди кьуажэм налогыу кьыте хуэр ди жьылэм дэсхэм кьыгъарагуашэри, дэ кьытхуагъэхьык...

- Ауэ кьуажэдэс псоми ятещIыхьауэ районым кьыфртальхэ ахьшэ бжьыгъэм щыщу уэ кьыптехуэр, мобы техуэр тIэкIуKэ нэхь мащIэ хьэнутэкъэ, ар мыбдеж щIэсу хьуам кьыфртегуэшам.

- Хьунут, ауэ...

- КьызгурыIуащ иджы. Тхьэрэзы кьыфхуэхь у.

Рашид тредэзрн Шэджэм жаIэ. Абыи псальэмакьыр зэрыщIекIуэкIыр апхуэдэ зыгуэрущ. Ауэ нэхъыщхьэр гурыIуэгъуэт: Пщымахуэ и быным налог кьыщIытрамылъхьэр зэкъуэшитIым я кьулыкъущIагъэм фIэлIыкIыу ярагъэнт. Хабзэр хьэмэным щIэбэну зи дуней гъащIэр кьеIа кьыIуэу аращ, - Кьуэз гъунэгъу фызым тогуэвэныхь, Рашид хэпIыхьэу щысщи:

- Уэ дапщэ, Быбэ, налогыу птыр?

- Сэри, тIасэ? - нанэ кьоIэнжи.

- Алыхь, Ашад, сэ зыри сымыт.

- Ауэ зыри умыту...

- Кьыдзэ жиIэу зыри кьэкIуакьым. Сэри яхуэсхьу сыкIэрокьым...

- Сэ иджыпсту кьэзгъэзэжынщ, Быбэ. Сыкьэсхьыкьу умыпщафI.

КьыщюкI. Уэзрых уеинур пщIэнукьым жыхуиIэу, пхъунтэ щыкIу дэлъу абы сыт щыгуэ кьыздрипшкIырт щыгъэн кьызэрыгуэкIэрэ. Мис иджы хуей хьуащи, милицэ фащэр зыщех, модреймкIэ зехуэнтрэ, кьуажэ советым дожей. Ильэс Iэджэ льандэрэ кьуажэм дэмысыжькIэ кIэнтIорэм щIэсхэм (атlэми цIыхубзхэм) сытиIэ кьащIыхьунт?

- Сэ Налшык сыкъэкIащ. Фи районым и кьуажэхэм налогхэр кьызэрыгъэкIыр ськэспщIэну аращ, - жери жьыжьэу кьышцегъажьэ, куэдым тепсэльыхьурэ:

- Налог зыт фи кьуажэдэсхэм я спискэхэм севгъэплъыт.

Тхыльхэр зэIепщIыкI.

- КIыщокъуэ Пщымахуэ и унагъуэр хэту сльагъуркьыми мыбы.

Пщымахуэ зэрылIэрэ куэд щIащ...

- Iэгъу, и гуэныхь Тхьэм кьыхуигъэгъу! Фыз, бзын кьыщIэнакъэ абы?

- КьыщIэнащ, тхьэ! Кьуитl иIэщи, Кьэбэр дейр ягъэву. Алим тхакIуэшхуэ щыIэ и кIыкьуэ щIэшхуэщ. Адрейщи... хэтыт абы и цIэр?

- Рашидщ жаIэ.

- Аращ - Рашидщ. Ари милицэу хьуам я нэхъыщхьэу, дыгъуэгъуэ кIуэхэм я псэжхэуу жаIэ... Ауэ зэкьуэшитIри кьалэм щопсэуэ ри...

- Абыхэм шыпхъу яIэкъэ? Я жар псэукъэ?

- ЯIащ, тхьэ. Хэт еджэри яшащ. Хэт ящыжэри я анэм бгъэдэсщ.

- ЩыкьуажэдэскIэ, адрейхэми кьэуэдэу, абыхэ эми налог щхьэ кьаетемыкуэрэ-тIэ?

- ТщIэркъым...

